

[Paye antèt Distri a]

Dat la

Chè Paran oswa Responsab Legal:

Pitit ou te nan lekòl nan yon distri ki resevwa lajan Tit III nan Depatman Edikasyon Etazini (USDE) dapre Lwa pou Okenn Timoun pa Rete Dèyè (NCLB). Lajan Tit III se yon lajan ki la pou ede elèv k ap aprann lang Angle (ELL) epi ki se pitit imigran ki fèk rive nan peyi ak jèn moun vin gen konpetans oswa devlope konpetans nan lang Angle pidevan, ak satisfè prensip matyè akademik ak siksè elèv nan nivo klas yo menm jan ak kamarad klas yo nan lekòl piblik Florida. USDE egzije Depatman Edikasyon Florida ak tout distri lekòl yo pou yo pran responsablite yo pou pwogrè ELL yo avèk *Objektif Anyèl pou Siksè yo Kapab Evalye* (AMAO); mezi sa yo endike pwogrè ELL yo chak ane. USDE egzije tou pou yo fè paran yo konnen si nenpòt distri lekòl la pa fè pwogrè pou reyalize objektif sa yo.

Yo itilize twa (3) *AMAO* pou ELL pou mezire pwogrè chak ane pou distri lekòl ki resevwa lajan Tit III:

- AMAO 1 = Pwogrè nan vin gen konesans nan lang Angle
- AMAO 2 = Pousantaj elèv ki vin konpetan nan lang Angle
- AMAO 3 = Pèfòmans elèv yo nan lekti ak matematik ki montre si gen ase pwogrè ki fèt nan ane sou wout pou redui pousantaj elèv ki pa konpetan nan lang Angle yo a mwatye anvan 2016-17.

<b>AMAOS</b>	<b>2011-12</b>	<b>2012-13</b>
AMAO1		
AMAO2		
AMAO3		
Satisfè Tout AMAO yo		

Lèt sa a se pou fè ou konnen distri lekòl pitit ou pa t satisfè youn oswa plizyè nan AMAOS yo pou ane 2012-13. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogrè pitit ou nan fason li vin konpetan nan lang Angle, fason ou kapab patisipe pi plis nan lekòl pitit ou, epitou pou jwenn lòt enfòmasyon konsènan AMAO yo, kontakte [non moun zòn nan pou kontakte a] nan [nimewo telefòn].

Ak tout kè mwen,

[Administratè Distri oswa non moun reprezantan li]